

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Brown (1979) nétélakeun yén tujuan nu pangpokona dina ngajarkeun basa téh nyatana sangkan unggal budak (siswa) mampuh ngomunikasikeun naon hal nu hayang ditepikeunana jeung paham naon hal nu ditétélakeun ku nu lian. Éta tujuan téh museur kana tarékah ngahontal atawa nyangking kamampuh pikeun komunikasi nu éféktif. Ngaliwatan komunikasi, manusa ngawangun hiji sistem silipikaharti pikeun numuwuhkeun duduluran, ngariksa rasa silipikanyaah, mekarkeun pangaweruh, jeung ngamumulé peradaban. Ngaliwatan komunikasi ogé, manusa bisa numuwuhkeun pacogrégan, ngagelarkeun rasa mumusuhan, silipikangéwa, mendet kamajuan, jeung mendet munculna pamikiran-pamikiran anyar (Rakhmat, 2007, kc, vii). Samalah, nurutkeun Ashley Montagu (Rakhmat, 2007, kc, 12) mah manusa saéstuna diajar jadi manusana sorangan ngaliwatan komunikasi.

Nurutkeun Hymes (1974), kamampuh pikeun komunikasi nu éféktif atawa kompetensi komunikatif (*communicative competence*) téh ngawengku dua komponén. Komponén kahiji mangrupa kamampuh pikeun ngirimkeun ma'na ngaliwatan nyarita jeung nulis. Ari komponén kadua mangrupa kamampuh pikeun paham kana ma'na ngaliwatan ngaregepkeun jeung maca. Kompetensi komunikatif ogé ngalibetkeun komponén pragmatik, saperti tahapan kaformalan basa nu digunakeun.

Raketna pangajaran basa jeung tarékah nyangking kompetensi komunikatif téh sawadina diguratbadagan dina eusi (*content*) jeung stratégi ngajarkeunana nu museur kana kamampuh kognitif jeung kaparigelan basa nu kudu dicangking ku siswa, dina raraga ngawangun jeung mekarkeun kompetensi komunikatif siswa. Nurutkeun Tompkins jeung Hoskisson (1991, kc, 20), patali jeung éta hal guru sawadina méré kasempetan ka siswa sangkan ngagunakeun basa dina situasi nu ma'nawi (*meaningful*), fungsional (*functional*), jeung asli (*genuine*).

MIRA OKTAVIANA, 2014

Éféktivitas Modél Pangajaran Snowball Trhowing Dina Pangajaran Maca Sajarah Lokal
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sangkan tilu karakter nu jadi déterminan pangpokona dina diajar basa di luhur kahontal, siswa perlu nyangking kompetensi dasar diajar basa nu museur kana fungsi jeung pamakéan basa dina situasi ma'na nu saenyana, boh dina aspék maca, ngaregepkeun, nulis, boh nyarita. Ceuk Vygotsky (1978) mah, diajar basa téh kudu mangrupa hal nu dibutuhkeun ku siswa tur rélevan jeung kahirupan (*relevant to life*). Napak kana pamanggih Halliday (1973), kompetensi dasar diajar basa sawadina disusun dumasar kana kamekaran pragmatik nu patali jeung tujuh kategori basa: 1) *instrumental language* (pikeun nyumponan kabutuhan); 2) *regulatory language* (pikeun nyengker atawa ngawatesanan paripolah jalma lian); 3) *interactional language* (pikeun ngawangun jeung miara hubungan sosial); 4) *personal language* (pikeun ngébréhkeun sawangan pribadi); 5) *imaginative language* (pikeun ngaéksprésikeun imajinasi jeung kreativitas); 6) *heuristic language* (pikeun maluruh informasi jeung hal-hal lianna); jeung 7) *informative language* (pikeun nepikeun informasi).

Komponén pangajaran basa téh ngawengku (a) komponén kabasaan jeung kasastraan, (b) komponén pamahaman, jeung (c) komponén ngagunakeun basa. Komponén kabasaan jeung kasastraan padu jeung komponén pamahaman sarta komponén makéna basa. Pangajaran komponén pamahaman jeung komponén makéna basa jeung sastra Sunda téh dalit jeung konsép kabasaan jeung kasastraan. Pangajaran maca téh kaasup kana komponén pahamanan anu museur dina kompetensi psiko-fisiologis kaparigelan basa (Sudaryat, 2004, kc, 13-14).

Salasahiji kompetensi dasar pangajaran maca di SMP/MTS nya éta maca sajarah lokal (babad). Dina kanyataan sapopoé, réa siswa nu ngalaman masalah dina prakna pangajaran maca sajarah lokal. Éta hal bisa kapaluruh tina peunteun nu aya dina posisi handapeun kriteria ketuntasan minimal (KKM). Leuwih legana, pasualan sarupa kitu bisa dipaluruh ogé tina jawaban siswa nalika ngaréspon pertanyaan lisan ti guruna.

Hasil tina observasi awal ka siswa kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2 Kota Bandung dina prakna pangajaran maca, katémbong yén mayoritas siswa

MIRA OKTAVIANA, 2014

Éféktivitas Modél Pangajaran Snowball Trhowing Dina Pangajaran Maca Sajarah Lokal
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngalaman masalah. Éta masalah téh pangpangna mah nyampak dina teu mampuhna siswa maham atawa nyangkem eusi wacana anu dibacana. Salian ti éta, aya sababaraha faktor anu mangaruhan, di antarana matéri sajarah lokal dianggapna monoton jeung hese diapalkeun ku sabab kajadiana teh jaman baheula anu teu kaalaman ku siswa. Bisa disebutkeun yén matéri sajarah lokal téh kurang ngirut kana minat siswa sangkan daék maca.

Pasualan sarupa kitu tangtu kudu diungkulan. Réa cara jeung tarékah anu bias dilaksanakeun pikeun ngaronjatkeun atikan basa Sunda ngeunaan sajarah lokal ka peserta didik, salasihijina museur dina model pangajaran. Dumasar kana éta hal, kudu aya tarékah ti guru pikeun ngamangpaatkeun modél atawa métodé pangajaran anu interaktif, sangkan barudak resep diajar sajarah lokal. Dina praktékna memang taya modél pangajaran anu sampurna anu bisa dipaké dina sagala kaayaan. Ku sabab kitu, guru kudu bisa milih modél pangajaran anu pas sangkan bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu disanghareupan ku siswa, fasilitas jeung media anu aya jeung guruna sorangan. Salasihiji model pangajaran interaktif anu bias dicoba pikeun dilaksanakeun dina pangajaran maca sajarah lokal di antarana waé Model Pangajaran *Snowball Throwing*.

Modél pangajaran interaktif *Snowball Throwing* nya éta model pangajaran kelompok, anu diwakilan ku ketua kelompokna sangkan menang tugas ti guru. Tuluy unggal siswa nyieun pertanyaan dina wangun bola-bola patalekan, tuluy dialungkeun ka siswa anu séjén. Siswa anu meunang éta bola kudu bisa ngajawab patalékan anu aya dina éta bola.

Pangaruhna model pangajaran interaktif *Snowball Throwing* kana ngaronjatna hasil pangajaran maca sajarah lokal téh perlu pikeun ditalungtik. Ku éta hal, ieu panalungtikan dilaksanakeun kalawan museur dina pasualan “Éféktivitas Modél Pangajaran *Snowball Throwing* dina Pangajaran Maca Sajarah Lokal: Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2”.

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu diebrehkeun diluhur, katiten yén para murid kurang kairut sikep jeung pangaresepna dina pangajaran sajarah lokal di sakola. Ku kituna, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan ku dipuseurkeun kana éféktivitas modél pangajaran *snowball throwing* dina pangajaran maca sajarah lokal di kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun sakumaha ieu dihandap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2 dina pangajaran sajarah lokal saméméh ngagunakeun model pangajaran interaktif *snowball throwing*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2 dina pangajaran sajarah lokal sabada ngagunakeun model pangajaran interaktif *snowball throwing*?
- 3) Kumaha bédana kamampuh siswa kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2 dina pangajaran sajarah lokal saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran interaktif *snowball throwing*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji kaéféktivitasan model pangajaran interaktif *snowball throwing* dina ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2 dina maca sajarah lokal.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung masalah anu diébréhkeun di luhur, tujuan husus ieu panalungtikan téh pikeun mikanyaho:

- 1) kamampuh siswa kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2 dina pangajaran sajarah lokal saméméh ngagunakeun model pangajaran interaktif *snowball throwing*;
- 2) kamampuh siswa kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2 dina pangajaran sajarah lokal sabada ngagunakeun model pangajaran interaktif *snowball throwing*; jeung
- 3) bédana kamampuh siswa kelas VII- D SMP KARTIKA XIX-2 dina pangajaran sajarah lokal saméméh jeung sabada ngagunakeun model pangajaran interaktif *snowball throwing*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep mangpaat pikeun ngeuyeuban métode cara diajar siswa, sangkan materi pengajaran bisa nerap jeung pelajaran bisa éféktif ogé kahontal tujuan tina éta pangajaran.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep mangpaat pikeun sawatara pihak sakumaha ieu di handap.

a. Pikeun Guru

Guru, bisa nyaho cara belajar kumaha anu dipikareseup ku siswa na sewang-sewangan, bisa nambahan pangaweruh guru dina modél-modél pangajaran anu éféktif, guru oge bisa mere motivasi sangkan siswa bisa lewih sumanget kana diajarna.

b. Pikeun Siswa

Siswa bisa berekspresi dina nyieun peta konsep anu rek diapalkeunana, siswa bisa ningkatkeun pamahamanana ngeunaan naon nu rek di ulikna.

c. Pikeun nu Nalungtik

Panalungtik bisa nyaho kumaha éféktivitas model pangajaran *Snowball Throwing* anu di talungtikna.

d. Pikeun nu maca

Nu maca bisa lewih milih-milih model pangajaran anu lewih éféktif sangkan tujuan pangajaranana kahontal.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika penulisan dina ieu skripsi diwangun ku lima bab utama anu eusi tiap bab na nya éta :

Bab I mangrupa bagian bubuka tina skripsi anu ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah, tujuan panalungtikan, mangfaat panalungtikan, boh anu ngawengku mangpaat praktis boh mangpaat teoritis, sarta raraga tulisan.

Dina bab II dipedar ngeunaan ulian tiori, raraga mikir, asumsi jeung hipotésis panalungtikan.

Dina bab III dibahas ngeunaan Métodologi panalungtikan, Eusina ngawengku sumber data, métode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta wangenan oprasional.

Dina bab IV minangka bab anu ngadéskripsikeun hasil panalungtikan, anu ngawengku prak-prakan panalungtikan, kamampuh awal jeung akhir siswa tina hasil panalungtikan, sarta ngadéskripsikeun kaéféktivan modél *Snowball Throwing* dina maca sajarah lokal.

Dina bab V di déskripsikeun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan sarta saran atawa rékoméndasi-rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.